**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**

**средняя общеобразовательная школа №22 имени полного кавалера Ордена Славы Коняева В.М.**

**Выписка**
**из основной образовательной**
**программы основного общего образования (ООО)**

РАССМОТРЕНО
Руководитель МО
Козаева А.Б.
Протокол №1 от 24.08.23

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родной язык»**

для обучающихся 9 – х классов

**Составители: Икоева З.В., Хадикова Л.Т.**

**г. Владикавказ 2023-2024**

**Тематикон пълан 9 къл. (къуыри 1,5 сах., ӕдӕппӕтӕй - 51 сах., уыдонӕй 4 сах – контролон куыстытӕ)**

| Урочы номыр | Темӕ | Урочы мидис | Скъоладзауты архайды хуызты характеристикӕ |
|---|---|---|---|
| **5 – 8-ӕм кълӕсты синтаксисы тыххӕй рацыд ӕрмӕг зӕрдыл ӕрлӕууын кӕнын** (5 сах.) | | | |
| **1-2.** | Дзырдбасты хуызтӕ | Дзырдбаст. Сӕйраг ӕмӕ дӕлбар дзырдтӕ. Дзырдбӕстыты хуызтӕ арӕзтмӕ гӕсгӕ. Дзырдбасты хӕйтты ӕхсӕн бастдзинады хуызтӕ. дзырдбасты хӕйтты ӕхсӕн ахастытӕ. | Дзырдбаст ӕмӕ хъуыдыйад кӕрӕдзийӕ иртасын. Дзырдбасты грамматикон нысаниуӕг зонын. Дзырдбӕстыты хуызтӕ сӕйраг дзырдмӕ гӕсгӕ бӕрӕг кӕнын. Схемӕмӕ гӕсгӕ дзырдбӕстытӕ аразын. Хуызӕгмӕ гӕсгӕ дзырдбӕстытӕ ӕвзарын. |
| | | *Ныхасы рӕзт*<br>**Ирон œвзаг.**<br>Скъуыддзаг Хъодзаты Ǽ. œмдзœвгœйœ. Ӕлдаттаты В. текст «Ǽрдзон хœс». | Хи хъуыдытӕ зӕгъын ӕвзаджы тыххӕй. Тексты сӕргондмӕ гӕсгӕ бӕрӕг кӕнын, ныхас дзы цӕуыл цӕудзӕнис, уый. Дзуапп раттын фӕрстытӕн. Ӕмдзӕвгӕйы темӕйыл диалог саразын. Иумӕйаг хатдзӕгтӕ кӕнын. Мадӕлон ӕвзаджы тыххӕй цыбыр нывӕцӕн фыссын. Дзургӕ ӕмӕ фысгӕ ныхасы ӕмбисӕндтӕй пайда кӕнын. |
| 3 | Хуымӕтӕг хъуыдыйад | Иувӕрсыг хъуыдыйӕдты ӕмбарынад. Сӕ мидисон ӕмӕ структурон миниуджытӕ. Иувӕрсыг, дывӕрсыг ӕмӕ ӕнӕххӕст хъуыдыйӕдты абарст. | Дзырдбаст ӕмӕ хъуыдыйады ӕмахастытӕ зонын. Хъуыдыйадӕй дзырдбӕстытӕ фыссын. Хъуыдыйӕдтӕ ӕвзарын хъуыдыйады уӕнгтӕм гӕсгӕ. Хуымӕтӕг хъуыдыйады хуызтӕ зонын. Иувӕрсыг ӕмӕ дывӕрсыг хъуыдыйӕдтӕ кӕрӕдзийӕ хицӕн кӕнын. Текст фыссын, хъӕугӕ дзырдтӕ дзы ӕвӕргӕйӕ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуыз бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон œвзаг**<br>Зындгонд ахуыргæндты æмæ фысджыты ныхæстæ мадæлон æвзаджы тыххæй<br>Айларты И. текстœй скъуыддзаг.<br>Дзасохты М. œмдзœвгœ «Мадœлон œвзаг» | Мадæлон æвзагмæ ахаст æвдисын.<br>Текстты мидисмæ гæсгæ хи хъуыдытæ зæгъын.<br>Тексты хъæугæ информации агурын.<br>Зынæмбарæн дзырдты нысаниуджытæ контекстмæ гæсгæ бæрæг кæнын. |
| **4** | Хъуыдыйæдтæ сидæнтæ æмæ бавæргæ дзырдтимæ | Хъуыдыйæдтæ сидæнтæ æмæ бавæргæ дзырдтимæ Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады уæнгтæ. | Хъуыдыйад вазыгджын кæныны мадзæлттæ зонын.<br>Бавæргæ арæзтыты хуызтæ бæрæг кæнын.<br>Бавæргæ арæзтытимæ хъуыдыйæдты пунктуацион анализ кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйæдты миниуджытæ бæрæг кæнын (загъды нысанмæ гæсгæ, грамматикон бындуры уæнгты нымæцмæ гæсгæ æ.а.д.)<br>Фыссын хъуыдыйæдтæ сидæнтæ æмæ бавæргæ дзырдтимæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Райгуырœн бœстœ.**<br>Плиты Х. œмдзœвгœйœ скъуыддзаг<br>Скъуыддзаг ирон таурœгъœй. | Тексты сæйраг хъуыды æвдисæг хъуыдыйад амонын.<br>Æмдзæвгæйы мидис æвзарын.<br>Темæмæ гæсгæ хи хъуыдытæ фысгæйæ равдисын.<br>Хъуыдыйæдтæ æххæст кæнын. |
| **5** | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ | Бæттæгтæ æмхуызон уæнгтимæ.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æмхуызон уæнгтимæ.<br>Иугæнæг дзырдтæ, сæ бынат хъуыдыйады æмæ æрхæцæн нысæнттæ иугæнæг дзырдтимæ. | Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтæ агурын.<br>Æмхуызон уæнгты бастдзинады фæрæзтæ бæрæг кæнын.<br>Синтаксисон æмхуызонады уавæртæ зонын.<br>Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Вазыгджынгонд хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Райгуырœн бœстœ.**<br>Скъуыддзаг ирон таурœгъœй. | Таурæгъы темæ æмæ идейæ бæрæг кæнын.<br>Таурæгъы темæйыл ныхас кæнын.<br>Таурæгъы мидисмæ хи цæстæнгас æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Вазыгджын хъуыдыйад. Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад.** (6 сах.) | | | |
| **6.** | Вазыгджын хъуыдыйад | Вазыгджын æмæ хуымæтæг хъуыдыйæдты иумæйаг æмæ хицæн миниуджытæ. | Хъуыдыйæдты грамматикон бындуртæ бæрæг кæнын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ æрæмных кæнын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты структурон схемæтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. Миногон. | Хуымтæгæ хъуыдыйады синтаксисон анализ кæнын.<br>Миногоны категориалон миниуджытæ фæлхат кæнын. Тексты миногонтæ арын, сæ стилистикон функцитæ сын бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ирыстон.**<br>Ирон таурœгъ «Рагон мœсыг» | Тексты мидис нывимæ барын.<br>Нывы æрфыст (дзургæйæ) кæнын.<br>Тексты мидис æмбарын, хи ныхæстæй йæ дзурын. |
| **7** | Вазыгджын хъуыдыйæдты арæзт | Вазыгджын хъуыдыйæдты арæзты хийœндзинœдтœ. | Зонын вазыгджын хъуыдыйæдты æмбарынад. Тексты агурын вазыгджын хъуыдыйæдтæ.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдты арæзт бæрæг кæнын.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæй хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. Ныхасы хæйттæ | Мивдисджыты дзырдарæзты тыххæй дзурын.<br>Мивдисджыты растфыссынад æмбарын кæнын. Хицæн дзырдтæй хъуыдыйæдтæ аразын. Хъуыдыйады уæнгты ныхасыхайон миниуджытæ амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ирыстон.**<br>Баситы М. œмдзœвгœйœ скъуыддзаг | Амынд темæмæ гæсгæ чысыл радзырд фыссын.<br>Æмдзæвгæйы лингвостилистикон æвзщæрст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **8** | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты бастдзинады хуызтæ | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады æмбарынад.<br>Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты бастдзинады фæрæзтæ. | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады æмбарынад аразын.<br>Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты бастдзинады фæрæзæтæ бæрæг кæнын.<br>Раиртæст хи дæнцæгтæй æххæст кæнын.<br>Хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын æмæ сæ æмбарын кæнын.<br>Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ къордтыл дих кæнын зонын: 1) дихон бæттæгтимæ; 2) ныхмæвæрды бæттæгтимæ; 3) иугæнæг бæттæгтимæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | Хуымæтæг хъуыдыйæдтæй вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады пунктуацион схемæ аразын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ирыстон.**<br>Ирыстоны картæ.<br>Текстæй скъуыддзæгтæ. | Пъланмæ гæсгæ радзырд фыссын.<br>Текстты мидис æвзарын.<br>Текстты хъæугæ информаци агурын. |
| **9.** | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн ахастытæ. Æрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады. | Вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ бæрæг кæнын .<br>Хъуыдыйæдтæ схемæмæ гæсгæ æвзарын.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ вазыгджын хъуыдыйады хæйцттæй хицæн кæнын.<br>Лæвæрд бæттæгæй пайда кæнгæйæ, вазыгджын хъуыдыйад æмæ вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйад аразын.<br>Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты бастдзинады фæрæзтæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хъуыдыйад бавæргæ дзырдимæ. Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ. Хъæрон хъуыдыйæдтæ. | Хъуыдыйад вазыгджын кæныны фæрæзтæ ныффидар кæнынæн фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Хъуыдыйады синтаксисон анализ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныасы рæзт.*<br>**Ирыстоны œрдз.**<br>Тексты скъуыддзаг Гæдиаты Ц. гæсгæ | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Тексты мидисмæ фæрстытæ дæтгæйæ, хатдзæг кæнын. Тексты мидис хи ныхæстæй дзурын, æууæлæвдисæг дзырдтæй пайда кæнгæйæ. |
| **Домгæвазыгджын хъуыдыйад** (18 сах.) | | | |
| **10** | Домгæвазыгджын хъуыдыйад. Сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Домгæвазыгджын хъуыдыйад. Бастдзинады фæрæзтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | Домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй раиртæст кæсын æмæ æмбарын.<br>Раиртæстæн анализ кæнын.<br>Дрмгæвазыгджын хъуыдыдйад бабæтгæвазыгджын хъуыдыйадимæ барын, хицæндзинæдтæ уынын.<br>Домгæвазывгджын хъуыдыйады хæйтты хæхсæн бастдзинады фæрæзтæ амонын.<br>Тексты домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ агурын , сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ дзы амонын.<br>Сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Синонимтœ. | Синонимты миниуджытæ фæлхат кæнын.<br>Дзырдтæ æмæ дзырбæстытæ синонимтæй ивын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Афœлгœст афœдзы афонтыл. Фœззœг.**<br>«Фœззœджы райдайœн» (Дзасохты М.) | Тексты мидис œвзаргœйœ, дзуапп дæттын фœрстытœн, бæрæг кæнын дзырд дзы цæуыл цæуы, уый.<br>Ærдзы æрфысты хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын, æвдисын хи ахаст æрдзон фæзындтæм. |
| **11.** | Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады | Бæттæгтæ æмæ бæттæг<br>дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады амонын. | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ амонын.<br>Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ амонын.<br>Бæттæг бæттæг дзырдæй хицæн кæнын.<br>Домгæ- æмæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты мидис æмæ структурæ абарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады<br>Дзырды фонетикон œвзœрст | Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ зонын.<br>Дзырдтæ мырон-дамгъон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Фœззœг.**<br>Текстты́æй скъуыддзœгтœ. | Æмбарын кæнын æмбисæндты хъуыды.<br>Æрдзон уавæрты тыххæй дзурын зонын. |
| **12.** | Уæлæмхæст хъуыдыйады бынат. Æрхæцæн нысæнттæ домгæвазыгджын хъуыдыйады | Уæлæмхæст хъуыдыйæдты бынат, сœ хуызтæ.<br>Синтаксисон бастдзинады фæрæзтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | Раиртæст кæсын æмæ йæ æвзарын.<br>Тексты домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ агурын, уæлæмхæст хæйттæ амонын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйæдтæй аразын домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ алыхуызон уæлæмхæст хæйттимæ.<br>Схемæмæ гæсгæ домгæвазыгджын хъуыдыйад æвзарын.<br>Хъуыдыйæдтæн графикон схемæтæ аразын.<br>Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй пайда кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Мивдисœг. Номдар. | Мивдисджыты грамматикон формæтæ бæрæг кæнын.<br>Номдарты орфограммæтæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Зымœг.**<br>«Зымœг» (Дзесты К.) | Æрдзы æрфыст куыд уацмысы хъуыды æвдисыны мадзал æмбарын. Тексты амынд грамматикон фæзындтæ агурын.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын. |
| **13** | Уæлæмхæст хъуыдыйады хуызтæ | Уæлæмхæст хъуыдыйады хуызтæ.<br>Синтаксисон бастдзинады фæрæзтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | Уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтимæ зонгæ кæнын.<br>Сæйраг æмæ уæлæмхæст хæйтты ахастытæ æмæ бастдзинад æмбарын.<br>Уæлæмхæст хай хицæн кæнын зонын.<br>Хъуыдыйæдтæ дарддæр хæццæ кæнын.<br>Схемæмæ гæсгæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Бирæстъæлфыгты бæсты хъæугæ мивдисджытæ æвæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын.* Æрхæцæн нысæнттæ æмхуызон уæнгтимæ. Вазыгджын хъуыдыйад, йæ арæзт | Текстæй фыссын вазыгджын хъуыдыйæдтæ, æмбарын сын сæ арæзт, æрхæцæн нысæнтты æвæрд. |
| | | *Ныхасы рæзт.* **Уалдзœг.** «Уалдзыгон нывтœ» (Мамсыраты Д.) Айларты Ч. æмдзœвгœйæ скъуыддзаг. | Æмдзæвгæйы мидис æвзарын. Аивадон-нывæфтыд мадзæлттæ бæрæг кæнын. Ǽмбисœндты мидис œвзарын æмæ раст хатдзæгтæ скæнын. |
| **14.** | Æмбарынгæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Æмбарынгæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдты œмбарынад. Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ æмбарынгæнæн уæлæмхæст хæйтты. Æмахастон (æмбарынгæнинаг) дзырдтæ сæйраг хъуыдыйæдты. | Раиртæст кæсын æмæ æвзарын. Тексты домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ æмбарынгæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтимæ агурын. Бæрæг кæнын сæ бастдзинады фæрæзтæ (бæттæгтæ, бæттæг дзырдтæ, æмбарынгæнинаг дзырдтæ). Хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын. Амонын уæлæмхæст хæйтты хуызтæ. Хъуыдыйæдты æвæрын хъæугæ œрхæцæн нысæнттæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.* Ныхасы хæйттæ. Вазыгджын хъуыдыйад. Хъуыдыйады уæнгтæ. | Ныхасы хæйтты синтаксисон функцитæ бæрæг кæнын. Агурын вазыгджын хъуыдыйæдтæ, æмбарын сын кæнын сæ арæзт. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Сœрд.** Мамсыраты Д. текстœй скъуыддзаг. | Текстæн йæ мидисмœ гœсгœ сœргонд хъуыды кœнын. Фыссын цыбыр сочинени темæйыл «Æрдз – нæ ныййарæг». |
| **15** | Бæрæггæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Бæрæггæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдты œмбарынад. Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ бæрæггæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдты. Æмахастон (æмбарынгæнинаг) дзырдтæ сæйраг хъуыдыйæдты. | Бæрæггæнæн уæлæмхæст хъуыдыйады æмбарынад ахуыр кæнын. Тексты домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ бæрæггæнæн уæлæмхæст хаимæ агурын. Бæрæггæнæн уæлæмхæст хайы бастдзинады фæрæзтæ амонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Хуызæгмæ гæсгæ бæрæггæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтимæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрын зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Вазыгджын хъуыдыйад. | Дæнцæгты фæрцы бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады æмбарынад дæттын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Цœрœгойтœ.**<br>Радзырд «Арс» (Хъесаты В.) | Æмбисæндты мидис æмбарын кæнын.<br>Нывмæ гæсгæ хъуыды кæнын æмæ фыссын чысыл радзырдтæ.<br>Пайда кæнын æмбарынгæнæн уæлæмхæст æмæ бæрæггæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтæй. |
| **16.** | Контролон куыст | | |
| **17.** | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ фадатон уæлæмхæст хæйттимæ. Бынаты уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ фадатон уæлæмхæст хæйттимæ. Бынаты уæлæмхæст хъуыдыйæдты œмбарынад. | Уæлæмхæст хъуыдыйæдты миниуджытæ бæрæг кæнын. Домгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты ахастытæ æмæ бастдзинады фæрæзтæ иртасын.<br>Бæрæг кæнын уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуыз, зонын, цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц. Иртасын æмбарынгæнæн дзырдтæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Фадатон дзырдтæ. | Фадатон дзырдты хуызтæ бæрæг кæнын.<br>Фадатон дзырдтæм хъæугæ фæрстытæ дæттын.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Цœрœгойтœ.**<br>Радзырд «Фыййœуттœ» (Гœдиаты С.)<br>«Хъулон уарзт» (Мамсыраты М.) | Цæрæгойты тыххæй дзурын, хи фæлтæрддзинадæй пайда кæнгæйæ.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуап дæттын.<br>Тексты мидисмæ хи ахаст æвдисын. |
| **18.** | Афоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Афоны уæлæмхæст хъуыдыйады æмбарынад. Бастдзинады фæрæзтæ. Уæлæмхæст хъуыдыйады бынат. | Афоны уæлæмхæст хъуыдыйады тыххæй раиртæст кæсын æмæ йæ æвзарын.<br>Раиртæй пайда кæнгæйæ, тексты амынд хуызы хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты хæйтты |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | бастдзинады фæрæзтæ амонын.<br>Домгæвазыгджын хъуыдыйалы афоны уæлæмхæст хъуыдыйады бынат бæрæг кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйæдтæй вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Иувæрсыг æмæ дывæрсыг хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Дывæргонд æмхъæлæсонты растфыссынад. | Тексты иувæрсыг хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Дывæрсыг хъуыдыйæдты арæзт æвзарын æмæ хатдзæгтæ кæнын.<br>Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтимæ æмбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрд. |
| | | *Ныхасы рæзт.* **Адæймаг æмæ æрдз.**<br>Текст «Заз» Æгъуызарты С. гæсгæ.<br>Ирон таурæгъæй скъуыддзаг.<br>Газет «Рæстдзинад»-ы уацæй скъуыддзаг. | Текстты мидис æвзаргæйæ дзуапп дæттын фæрстытæн. Барын тексты мидис нывимæ. |
| **19** | Архайды хуызы уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Архайды хуызы уæлæмхæст хъуыдыйæдты æмбарынад. Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты хсæн бастдзинады фæрæзтæ.<br>Сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдты равæрд (бынат). | Бæрæг кæнын, домгæвазыгджын хъуыдыйæдты уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц, уый. Зонын, архайды уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ цавæр фæрæзтæй баст цæуынц сæйраг хъуыдыйадимæ æмæ дзы кæцы дзырд æмбарын кæнынц.<br>Бæрæг кæнын уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуыз. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ.<br>Мивдисæг. | Хъуыдыйæдтæ æвзарын хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.<br>Мивдисæджы растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Экологийы уавæр**<br>Газет «Рæстдзинад»-æй статьяйы скъуыддзаг<br>Цæгæраты Г. æмдзæвгæ «Хъæд мын дзырдта» | Тексты проблематикæ бæрæг кæнын.<br>Хи хъуыдытæ дзурын экологийы уавæры тыххæй, хъусын æмбæлтты хъуыдытæм æмæ иумæйаг хатдзæгтæ кæнын.<br>Тексты сæйраг хъуыды рахицæн кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **20.** | Æфсоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Æфсоны уæлæмхæст хъуыдыйæдты œмбарынад. Æфсоны уæлæмхæст хъуыдыйæдты баст сæйраг хъуыдыйадимæ. Бæттæгты бынат хъуыдыйады. | Раиртæст кæсын æмæ йын йæ мидис æвзарын. Æфсоны уæлæмхæст хæйттæ агуырн, сæ бастдзинады фæрæзтæ зонын. Хуызæгмæ гæсгæ æфсоны уæлæмхæст хæйттимæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын.* Хъуыдыйады хуызтœ. | Таурæгъон, фарстон æмæ разæнгардгæнæн хъуыдыйæдты анализ кæнын æмæ раст хатдзæгтæм æрцæуын. Фæлтæрæнтæ æххæст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.* **Ирыстоны истори.** «Нœ фыдœлты фарн» (Джыккайты Ш. гœсгœ) «Анахарсис» (таурœгъмœ гœсгœ) | Нæ рагфыдæлты заманы куырыхон лæгты тыххæй цыбыр хъусынгæнинæгтæ цæттæ кæнын, спайда кæнын домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй. Æмбарын Анахарсисы афоризмтæ. |
| **21.** | Нысаны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Нысаны уæлæмхæст хъуыдыйæдты тыххæй æмбарынад. Бæттæгтæ нысаны уæлæмхæст хайы. Нысаны уæлæмхæст хайы бынат хъуыдыйады. | Нысаны уæлæмхæст хæйтты тыххæй раиртæст ахуыр кæнын. Раиртæсты æрмæгæй пайда кæнын, тексты амынд хъуыдыйæдтæ агурын. Нысаны уæлæмхæст хæйттæ æмæ сæйраг хæйтты бдастдзинады фæрæзтæ амонын. Хуызæгмæ гæсгæ амынд хуызы домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын æмæ сæ фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын.* Дзырдбаст, хъуыдыйад, текст. | Дзырдбаст, дзырд æмæ хъуыдыйады сæйраг миниуджытæ бæрæг кæнын. Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты арæзт фæлхат кæнын. Уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.* **Ирыстоны истори.** Ирон таурœгъœй скъуыддзаг | Тексты сæргонд æмбарын кæнын. Текстты мидис œвзаргœйœ, фœрстытœн дзуавпп дæттын, хъæугæ хатдзæгтæ кæнын. Бæрæг кæнын таурæгъты ахадындзинад истори базонынæн. |
| **22.** | | Бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдты œмбарынад. Бастдзинады фæрæзтæ. | Бадзырдон уæлæмхæст хайы раиртæст кæсын æмæ йæ æмбарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Уæлæмхæст хъуыдыйады бынат. | Раиртæстæй пайда кæнгæйæ, бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Бадзырдон уæлæмхæст хайы бастдзинад сæйраг хаимæ бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйдæн синтаксисон анализ кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Домгæвазыгджын хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ, фæрссаг уæнгтæ. | Домгæвазыгджын хъуыдыйады арæзт зонын, йæ хуызтæ йын кæрæдзийæ иртасын.<br>Домгæвазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрын зонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны истори.**<br>Текст Д.Н. Тарасовмæ гæсгæ. | Текст хинымæры кæсын, йæ мидис ын æмбарын.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хи зонындзинæдтæй пайда кæнгæйæ, тексты мидис фæуæрæхдæр кæнын. |
| **23.** | Ныхмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ | Ныхмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйæдты æмбарынад. Бæттæгтæ ныхмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйадимæ. Бæттæгты бынат хъуыдыйады. | Ныхмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйæдты раиртæст кæсын æмæ йæ æвзарын.<br>Ныхзмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ агурын æмæ амонын.<br>Ныхмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйæдтимæ бастдзинады фæрæзтæ æвзарын.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæ хуызæгмæ гæсгæ æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын.* Вазыгджын хъуыдыйад. Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ. | Ныхмæвæрды бæттæгтæ зонын, сæ хуызтæ кæрæдзийæ иртасын. Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ зонын, раст фæрстытæ дæттын. |
| | | *Ныхасы рæзт*. **Ирыстоны истори.**<br>Текст «Алайнæгтæ» Бзарты Р. гæсгæ. | Тексты темæ бæрæг кæнын. Тексты сæргонды тыххæй хи хъуыдытæ дзурын. Тексты мидис æвзаргæйæ, дзуапп дæттын фæрстытæн. |
| **24** | Контролон куыст | | |
| **25.** | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ | Уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтæ.<br>Синтаксисон бастдзинады фæрæзтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | Сæйраг хъуыдыйæдтæ æххæст кæнын уæлæмхæст хъуыдыйæдтæй. Бæрæг кæнын уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуыз. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | фæлхат кæнын | Синтаксисон ахастытæ домгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн.<br>Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ.<br>Æмбарынгæнинаг дзырдтæ. | Дыгай хуымæтæг хъуыдыйæдтæйаразын домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ, бæрæг кæнын сæ хуызтæ. Зонын, цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ бæттæгтæ æмæ бæттæг<br>дзырдтæ.<br>Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты бæрæг кæнын уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ: таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн. Хъæрон æмæ æнæхъæрон хъуыдыйæдтæ. Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæроны. Хъуыдыйады грамматикон бындур. | Æвзарын хъуыдыйœдтœ хъуыдыйады уœнгтœм гœсгœ. Бœрœг кœнын хуымæтæг даргъ æмæ хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ. Бæрæг кæнын хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты хицæндзинæдтæ; домгæвазыгджын хъуыдыйæдты арæзт. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Хъобайнаг культурœ.**<br>Текст Бзарты Р. гœсгœ. | Текстыл куыст – авторы хъуыдытæ барын хи хъуыдытимæ. Тексты мидис æвзаргœйœ дзуапп дæттын фæрстытœн, хынцын æмбæлтты хъуыдытæ. |
| **26** | Домгæвазыгджын хъуыдыйад къорд уæлæмхæст хæйттимæ | Домгæвазыгджын хъуыдыйад къорд уæлæмхæст хæйттимæ œвзарын. Уæлæмхæст хæйтты бастдзинады хуызтæ сæйраг хаимæ. | Бæрæг кæнын, куыд баст цæуынц домгæвазыгджын хъуыдыйады уæлæмхæст хæйттæ сæйраг хæйттимæ.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрынад æмбарын кæнын. Бæрæг кæнын уæлæмхæст хæйтты хуызтæ. Домвгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ æвзарын схемæмæ гæсгæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Аразгœ œмœ œнаразгœ быдурт... | Текстæй дзырдтæ фыссын: а) æнæаразгæ бындуртимæ; æ) аразгæ бындуртимæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны истори.**<br>Бзарты Р. текст.<br>Цырыхаты М. æмдзæвгæйæ скъуыддзаг.<br>Абайты В. текстœй скъуыдзаг. | Текстæн йæ мидисмœ гœсгœ хъуыды кœнын сœргонд. Æрдзурын Ирыстоны историим æ баст цаутыл, хатдзæгтæ скæнын.<br>Дзырдуатимœ куыст. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **Ænæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад** (6 сах.) | |
| **27.** | Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ æмæ сæ хицæндзинæдтæ | Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады æмбарынад. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты бастдзинад. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты равæрд. | Æнæбæттæг хъуыдыйæдты хицæндзинæдтæ иртасын. Зонын, цавæр ахастдзинæдтæ ис хуымæтæг хъуыдыйæдты æхсæн домгæ, бабæтгæ æмæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдты æмæ цæй руаджы æвдыст цæуынц.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ бæрæг кæнын.<br>Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæн бæрæг кæнын сæ арæзт, гом сты æви æхгæд. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Фразеологион дзырдбæстытæ. Синонимтæ. | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй. Баивын фразеологион дзырдбæстытæ синонимтæй, бамбарын кæнын сæ фæлгъуызтæ. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Адœмон сфœлдыстад.**<br>Айларты И. текстœй скъуыддзаг. | Текстæн йæ мидисмæ гæсгæ хъуыды кœнын сæргонд, бамбарын кæнын йæ равзæрст. Сбœрœг кæнын тексты сæйраг хъуыды. |
| **28.** | Æрхæцæн нысæнттæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады | Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты бастдзинады фæрæзтæ.<br>Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн ахастытæ. | Тексты рахицæн кæнын æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Сбæрæг кæнын сæ бындуртæ.<br>Зонын, хуымæтæг хъуыдыйæдты ’хсæн ахастытæ.<br>Бæрæг кæнын бабæтгæвазыгджын æмæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты хицæндзинæдтæ.<br>Æмбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.<br>Хуымæтæг даргъ хъуыдыйад æмæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады миниуджытæ барын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ | Дывæрсыг хъуыдыйад æвзарын.<br>Таурæгъон, фарстон æмæ разæнгардгæнæн хъуыдыйæдты структурæйæн анализ кæнын æмæ раст хатдзæгтæм æрцæуын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Адœмон сфœлдыстад. Нарты кадджытœ.**<br>Скъуыддзœгтœ Нарты кадджытœй. | Скъуыддзагмæ гæсгæ уацмыс базонын.<br>Уамысы мидисыл ныхас кæнын.<br>Уацмысы сæйраг хъуыдйы тыххæй хатдзæгтæ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | кæнын. |
| **29.** | Дыстъæлф æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады | *Ǽнæбæттæг* вазыгджын хъуыдыйады дыстъæлф œвœрыны œгъдœуттœ. | Таблицæ æвзарын, æдæнцæгтæй йæ æххæст кæнын.<br>Ǽнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æмахастытæ æвзарын.<br>Хъуыдыйадæн пунктуацион анализ кæнын. |
| | | *Фœлхат кœнын.*<br>Сидæнтæ, бавæргæ дзырдтæ æмæ æвастхъæртæ | Хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ фæлхат кæнын.<br>Зонын сидœнтœ, бавœргœ дзырдтœ œмœ œвастхъœрты æмбарынад. |
| | | *Ныхасы рœзт.*<br>**Нарты кадджытœ**<br>Скъуыддзœгтœ Нарты кадджытœй. | Бæрæг кæнын, скъуыддзæгтæ кæцы таурæгътæй ист сты, уый.<br>Текст хæйттыл дих кæнын, алы хайæн дæр сæргонд дæттын.<br>монологæй диалог аразын. |
| **30.** | Ǽрхæцæн нысæнттæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады | Ǽрхæцæн нысæнттæ œвœрыны œгъдœуттœ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады | Хъуыдыйæдтæ кæсын хъæугæ интонациимæ. Ǽвæрын æрхæцæн нысæнттæ.<br>æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйадæн анализ кæнын. |
| | | *Фœлхат кœнын.* Вазыгджын хъуыдыйад. Ǽрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйæдты. | Хъуыдыйæдты пунктуацион схемæтæ аразын.<br>Пунктуацион арæхстдзинæдтæ фидар кæнын фæлтæрæнтæ руаджы. Комкоммæ ныхас ивын фæрссаг ныхасæй, æвзарын мидисон æмæ структурон ивддзинæдтæ. |
| | | *Ныхасы рœзт*<br>**Нарты кадджытœ**<br>Скъуыддзœгтœ Нарты кадджытœй. | Бакæсын скъуыддзæгтæ «Нарты кадджыты» тыххæй. фыссын сочинени ахæм темæйыл: «Нарты кадджытæ» – ирон адæмы номдзыд эпос.<br>фысгæ ныхасы æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæй пайда кæнын. |
| **31-32** | Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады | Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | раиртæст кæсын æмæ æвзарын.<br>Дæнцæгтæ хæссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Хицæн къордтæ аразын: вазыгджын хъуыдыйæдтæ æрмæст къæдзыгтимæ; къæдзыг æмæ стъæлфимæ; дыстъæлф æмæ тиреимæ.<br>Бамбарын кæнын тирейы нысаниуæг æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдты. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ | Вазыгджын хъуыдыйæдты арæзт фæлхат кæнын Æрхæцæн нысæнтты æвæрын зонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Адœмон бœрœгбœттœ.** | Текстæн йæ мидисмœ гœсгœ сœргонддæттын.<br>Тексты сœйраг хъуыды бæрæг кæнын. |
| **Вазыгджын хъуыдыйæдтæ алыхуызон бастдзинæдтимæ: бæттæгты руаджы æмæ æнæ бæттæгтæй** (4 сах.) | | | |
| **33.** | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бастдзинады алы хуызтимæ | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бастдзинады алы хуызтимæ | Раиртæст æвзарын, дæнцæгтæ хæссын.<br>Вазыгджын хъуыдыйад хæйттыл дих кæнын.<br>Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн бамстдзинады хуызтæ æмæ фæрæзтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг иувæрсыг хъуыдыйæдтæ | Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ фæлхат кæнын.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдты мидисон æмæ структурон хицæндзинæдтæ зонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон адœмы œгъдœуттœ.**<br>Агънаты Г. текстœй скъуыддзаг | Бæрæгбœтты тыххæй дзурын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ хи хъуыдытæ æргом кæнын, кæрæдзимæ хъусын æмæ хатдзæгтæ кæнын.<br>Дзырдуатимœ куыст – бæрæг кæнын дзырдты нысаниуджытæ æмæ сæ растфыссынад. |
| **34-35.** | Вазыгджын хъуыдыйад фæлхат кæнын | Вазыгджын хъуыдыйады арæзт, йæ хицæндзинæдтæ. | Бæрæг кæнын, вазыгджын хъуыдыйæдты цалгай хуымæтæг хъуыдыйæдтæ ис æмæ цавæр бастдзинады хуыз ис се ‘хсæн. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæн скæнын схемæтæ.<br>Ссарын синонимтæ дзырдтæн. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.<br>Синонимтœ. | Текстæй хицæнтæй хуымæтæг, домгæвазыгджын, бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмæ структурæ барын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон адœмы бœрœгбœттœ. Ирон œгъдœуттœ**<br>Тексттœ Джыккайты Ш. гœсгœ,<br>Агънаты Г. гœсгœ<br>Мыртазты Б. œмдзœвгœйы скъуыддзаг. | Текстæн йæ мидисмœ гœсгœ сœргонд хъуыды кœнын, æрдзурын ыл, аргъ скæнын кæрæдзийы варианттæн. Тексты сœйраг хъуыды. бœрœг кœнын |
| **Стилистикæ** (10 сах.) | | | |
| **36.** | Стилистика. Практикон стилистикæ. Ныхасы стильтæ | Стилистика. Практикон стилистикæ. Ныхасы стильты œмбарынад. | Теоретикон æрмæг æмбарын æмæ æвзарын.<br>Стильты хицæндзинæдтæ уынын.<br>Таблицæ дæнцæгтæй æххæст кæнын.<br>Хъуыдыйæдты стилистикон ахуырст иртасын. |
| | | *Фœлхат кœнын*<br>Ныхасы хæйттæ. Номдар. Миногон.<br>Нымæцон. Номивæг. Хъуыдыйад. | Бœрœг кœнын ныхасы хœйттœ, хъуыдыйады уæнгтæ. Дзургæйæ сæ раст пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон œгъдœуттœ**<br>«Фынгисœггаг» (Хозиты Ф.0 | Æрдзурын тексты мидисыл. Сбæрæг ын кæнын йæ темæ, йæ сæйраг хъуыды. Дзырдуатимœ куыст. |
| **37.** | Ныхасы стильтæ. Дзургæ ныхасы стиль | Ныхасы стильтæ. Дзургæ ныхасы стиль œвзарын. | Схемæмæ гæсгæ ирон æвзаджы стильты тыххæй дзурын.<br>Хъуыдыйæдты бæрæг кæнын, дзургæ ныхасы стильмæ цы дзырдтæ æмæ фразеологизмтæ ахæссæн ис, уыдон. |
| | | *Фœлхат кœнын.*<br>Фразеологизмтæ. | Фразеологион иуæгты нысаниуджытæ бæрæг кæнын. Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы фразеологизмтæй пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Сылгоймаджы фарн.**<br>Хозиты Ф. радзырд «Хæдзары кадхæссæг – æфсин»-œй скъуыддзаг | Текстæн фæрстыты хуызы пълан аразын.<br>дзырдуæтты æххуысæй æнæзонгæ дзырдты нысаниуджытæ бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **38.** | Официалон-хъуыддагон стиль | Официалон-хъуыддагон стилы хицœндзинœдтœ. | Раиртæсты мидис æмбарын кæнын.<br>дæнцæгтæ хæссын.<br>Тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Официалон-хъуыддагон тексты лексикон, морфологион, синтаксисон æвзарын..<br>Газеты æрмæгимæ кусын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Дзырдбаст. | Зонын тексты стилон хуыз аразæг дзырдтæ, дзырдбæстытæ. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ǽхсœнадон цард.** | Текстæн стилистикон анализ кæнын. |
| **39.** | Наукон стиль | Стильты хуызты æмбарынад. | Зонын наукон стилы хицæндзинæдтæ.<br>Бæрæг кæнын тексты стиль, уыцы стильмæ цы дзырдтæ ахæссæн ис, уыдон. Иртасын нейтралон дзырдтæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Официалон-хъуыддагон стиль. | Чингуытæ, журналтæ æмæ газеттæй фыссын ныхасы, хъуыддаджы æмæ наукон стильты фæйнæ дыууæ хъуыдыйады. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ǽхсœнадон цард.**<br>Сиукъаты В., Цопанты Р., Гуыриаты Т. тексттœй скъуыддзœгтœ. | Текст хæйттыл адих кæнын, скæнын ын пълан æмæ йæ конспекты хуызы ныффыссын. |
| **40.** | Публицистикон стиль | Публицистикон стилы œмбарынад. | Кæсын æмæ æвзарын теоретикон æрмæг.<br>Фыссын дзырдтæ аббревиатурæтæй.<br>Зонын, газетон жанртæ цавæртæ сты, уый. Бæрæг кæнын тексты стиль, йæ миниуджытæ. Зонын, цавæр къордтыл дих кæны публицистон уацты лексикæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.* Ǽппæтадæмон дзырдтæ. Бындурон ирон дзырдтæ. Ǽндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ.Фразеологизмтæ. | Зонын œппæтадæмон дзырдтæ, бындурон ирон дзырдтæ, œндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдты æмбарынæдтæ. Бамбарын сæ кæнын. Ǽрхъуыды кæнын семæ хъуыдыйæдтæ æмæ сæ ныффыссын. Зæгъын, цавæр стильмæ хауынц. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ǽхсœнадон цард.**<br>Цопанты Р. текстœй скъуыддзœгтœ | Тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Текст фыссын конспекты хуызы.<br>Публицистикон уацты лексикæйы дих къордтыл, сæ хицæндзинæдтæ. |
| **41.** | Аивадон литературæйы стиль | Аивадон литературæйы стиль æмæ йæ хицæндзинад иннæ стильтæй | Зонын, цы у аивадон литературон стиль.<br>Бæрæг кæнын тексты стиль. Бæрæг кæнын тексты стильтæ цы дзырдтæ (дзырдбæстытæ, æндæр конструкцитæ) бæрæг кæнынц, уыдон. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Стильты хуызтæ, сæ хицæндзинæдтæ. | Зонын æппæт стильты хуызтæ, кæрæдзийæ сæ хицæн кæнын, дæнцæгтæ хæссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ǽхсœнадон цард**<br>Айларты И., Цопанты Р. текстœй скъуыддзœгтœ<br>«Хъœуы хистœр» (Хъесаты В.)<br>«Дон-кœстœрœй» ( Цгъойты Х.)<br>Скъуыддзаг Джыккайты Ш. œмдзœвгœйœ «Цы уыл œрцыдис, адœм?» | Конспект фыссын.<br>Тексты мидис æвзарын.<br>Тексты пробематикæ бæрæг кæнын.<br>Тексты стиль ивын æмæ йæ фыссын. |
| **42.** | Лексикон, фразеологон æмæ грамматикон синонимтæ | Лексикон, фразеологон æмæ грамматикон синонимтæ | Зонын синонимон рæнхъытæ. Хъуыдыйæдты агурын æмæ фыссын синонимтæ, æмбарын кæнын сæ нысаниуджытæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты бирæнысаниуæгад. Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. Синонимтæ. Антонимтæ. Омонимтæ. Фразеологизмтæ. Антонимтæ. | Дзырдтæн агурын синонимтæ æмæ аразын синонимон рæнхъытæ.<br>Таблицæ дæнцæгтæй æххæст кæнын. Фразеологизмтæн антонимтæ агурын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ǽхсœнадон цард**<br>Ǽхсæнадон царды тыххæй цыбыр текст.* | Дзырдуатон сконд синонимтæй хъæздыг кæнын. Синонимон рæнхъæй бæлвырд хъуыды зæгъынæн хъæугæ дзырд æвзарын. Ǽрдзурын æхсæнадон царды фæзындтыл, кæрæдзийы хъуыдытæм байхъусын, хатдзæгтæ скæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **43.** | Контролон куыст | | |
| **44.** | Ныхасы культурæ | Ныхасы культурæ. Аив литературон æвзаг. | Ныхасы культурæйы æмбарынадимæ зонгæ кæнын. Литературон æвзаг аив литературæйы æвзагæй иртасын.<br>тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Æвзаджы нормæтæ æххæст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синонимтæ. Фразеологизмтœ. | Растдзурынады æгъдæуттæ æххæст кæнын. Хъуыды зæгъынæн пайда кæнын бæлвырд дзырдтæй. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон театр.**<br>«Артисты ныхасы уаг» (Тлаттаты Б.)<br>«Цœмœй райдайы Райгуырœн бœстœ» (Айларты И.)<br>Тахъазты Х., Цгъойты Х. текстты скъуыддзœгтœ. | Тексты темæ, йæ стиль бæрæг кæнын.<br>Тексты мидисмæ фæлрстытæ дæттын.<br>Тексты мидисмæ хи ахаст æвдисын. |
| **45.** | Стилистикæ фæлхат кæнын | Стилистикæ фæлхат кæнын | Бæрæг кæнын ныхасы стиль, йæ миниуджытæ æвдисæг дзырдтæ.<br>Зонын иумæйаглитературон дзырдтæ, стилистикон æгъдауæй ахуырст дзырдтæ.<br>Текстæй фыссын стиль æвдисæг дзырдтæ цы хъуыдыйæдты ис, уыдон. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ (æнæ бæттæгтæй æмæ бæттæгтæ стæй, æви, науæд-имæ). Къæдзыг хъуыдыйады æмхуызон уæнгты ’хсæн. | Сбæрæг кæнын, хъуыдыйæдтæ цæмæй вазыгджынгонд сты, уый. Хъуыдыйæдтæ æвзарын сæ арæзтмæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйæдты бæрæг кæнын бастдзинады фæрæзтæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон культурœ. Театр.** | Текстты æвза абарын æмæ хицæндзинадтæ бæрæг кæнын.<br>Наукон стилы тыххæй равст хатдзæгтæ кæнын..<br>Къæйттæй куыст: диалоджы архайын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Ævzadžy tyxxæj iumæjag zonyndzinædtæ** (4 sax.) | | | |

<br>

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ** (4 сах.) | | | |
| **46.** | Æвзаг – æхсæнадон фæзынд | Æвзаг – æхсæнадон фæзынд | Тексты стиль бæрæг кæнын. Лæвæрд пъланмæ гæсгæ тексты конспект фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты лексикон нысаниуæг.<br>Конспект. | Дзырдты лексикон нысаниуджытæ бæрæг кæнын. Лексикон æмæ грамматикон нысаниуджытæ иртасын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ǽвзаг – œхсœнадон фœзынд.**<br>Тахъазты Х., Хуыгаты С. текстты скъуыддзœгтœ. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Тексты пълан фыссын.<br>Тексты мидис тезисты хуызы фыссын. |
| **47.** | Æвзæгты хæстæгдзинад. Ирон æвзаджы бынат дунейы æвзæгты ’хсæн | Æвзæгты хæстæгдзинад.<br>Ирон æвзаджы бынат дунейы æвзæгты ’хсæн œмбарын кœнын. | Иунысаниуæгон æмæ бирæнысаниуæгон дзырдты хицæндзинæдтæ фæлхат кæнын. Терминты сæйраг миниуджытæ зонын. Тексты терминтæ агурын, сæ функцитæ сын бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Текстты стильтœ. | Функционалон стильты æвзагон миниуджыты тыххæй дзурын. Тексты стиль бæрæг кæнын, хи хъуыдытæ дæнцæгтæй фидар кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон æвзаджы бынат дунейы æвзæгты ’хсæн.**<br>Тахъазты Х. тексты скъуыддзœг. | Тексты пъланмæ гæсгæ конспект фыссын.<br>Æвзаджы темæмæ гæсгæ цыбыр хъусынгæнинаг фыссынмæ цæттæ кæнын. |
| **48-49.** | Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. | Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаджы равзœрд ирон диалекты бындурыл. | Таблицæмæ гæсгæ бæрæг кæнын диалектты фонетикон, лексикон æмæ грамматикон хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Диалектон хицæндзинæдтæ æвдисæг дæнцæгтæ хæссын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Дзырдты лексикон нысаниуæг. Иунысаниуæгон æмæ бирæнысаниуæгон дзырдтæ. Синонимтæ. Антонимтæ. | Дзырдæн лексикон анализ кæнын.<br>Синонимты къордтæ фыссын.<br>Полисеми æмæ омоними кæрæдзийæ хицæн кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Омонимтæ. | |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ǽвзаг – œхсœнадон фœзынд.**<br>Тахъазты Х., Цопанты Р., Джусойты К. текстты скъуыддзœгтœ. | Текст тезисты хуызы фыссын.<br>Лæвæрд текcттæн анализ кæнын.<br>Сæ стиль бæрæг кæнын. |
| **50.** | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын | | |
| **51.** | Контролон куыст | | |

**Сæйраг домæнтæ 9-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**

– 9-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
– орфограммæты хуызтæ;
– бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады хуызтæ;
– вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт;
– стилистикæйы æмбарынæдтæ;
– тексты хуызтæ æмæ ныхасы стильтæ;
– дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хицæндзинæдтæ;
– тексты арæзт; стильтæ, се ’взагон миниуджытæ;
– æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ;
– æрхæцæн нысæнтты хуызтæ æмæ се ’вæрыны æгъдæуттæ;
– ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ.

**Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:**

– вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– синтаксисон синонимтæй пайда кæнынмæ ныхасы стиль æмæ мидисмæ гæсгæ;
– тексты хуыз, йæ хæйттæ æмæ стиль иртасынмæ;
– литературон æвзаджы нормæтæ бæрæг кæнынмæ;
– вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æмбарын кæнынмæ;
– вазыгджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;

– домгæвазыгджын хъуыдыйад, иртæстгонд уæнгтæ кæм уа, ахæм синонимон хуымæтæг хъуыдыйадæй ивынмæ;
– пунктуацион рæдыдтытыл кусынмæ;
– цы орфограммæтæ ахуыр кодтой, уыдон амонынмæ æмæ орфографион рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
– ныхасы алыхуызон стильтæ æмæ хуызтæм гæсгæ тексттæ аразынмæ;
– текст кæронмæ фыссынмæ;
– дыгурон диалектыл фыст текстты мидис æмбарын кæнынмæ;
– тексты стиль бæрæг кæнынмæ;
– текстæн конспект, тезистæ, рецензи фыссынмæ;
– литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразынмæ;
– сочиненитæ фыссынмæ публицистикон темæйыл;
– хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссынмæ;
– сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнынмæ;
– диалогтæ аразынмæ;
– тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурынмæ æмæ сæ раст кæнынмæ.– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ.